



Pou Piblikasyon Imedya: 11/07/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO: NEW YORK PRAL ALE LAJISTIS POU PWOTEJE ROE V. WADE

Byen bonè jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pwomèt ke li pral lajistis si Tribinal Siprèm nan aji pou retire Roe v. Wade.

VIDEYO deklarasyon Gouvènè a disponib sou YouTube [isit la](#) epi li nan kalite fòma Televizyon (h.264, mp4) [isit la](#).

Yon transkripsyon sou diskou Gouvènè a disponib anba la a:

Gouvènè Cuomo: Pandan plizyè ane, sa Repibliken ki nan Sena yo te di se te, “bon, nou pa bezwen lwa New York lan paske nou gen Roe v. Wade epi pa gen pèsòn moun ki ta fou ase pou eseye retire Roe v. Wade”. Wi, aksepte mesye ke yo te nonmen pou Prezidan Etazini an ki te rive ranpòte eleksyon yo. Men sa te toujou repons lan, ou pa bezwen yon lwa New York. Nou gen Roe v. Wade. Ebyen kounye a nou konnen ke nou pa gen garanti pou Roe v. Wade. Epi lwa New York lan, zanmi mwen yo, pa ale lwen menm jan ak Roe v. Wade. Roe v. Wade gen pwoteksyon ke nou kounye a konte sou yo nan New York. Nou pa’t janm adopte lwa Eta New York lan paske nou te konte sou Roe v. Wade, epi tout moun te asime ke li ta pral toujou la epi paske Repibliken yo pa ta pral adopte li, pou itilize sa kòm yon eskiz.

Nou bezwen kounye a pou yo kodifye Roe v. Wade, ki pral aktyèlman ogmante pwoteksyon yo nan New York. Bondye entèdi yo fè sa yo gen entansyon fè a. Mwen vle reyalize li anvan Tribinal Siprèm lan fè sa paske mwen pa vle okenn diferans nan dwa yon fanm genyen a pwoteksyon, epi nou gen yon pi bon dosye legal lè Tribinal Siprèm nan aji paske mwen pral ale lajistis lè Tribinal Siprèm nan aji, epi mwen vle gen lwa Eta New York lan an plas.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)